Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 41 (6502) 29 август 2016 с. Итни ЗулкъагIида 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Баркула Лъаялъул къо

**РакI-ракIалъ баркула лъайкьеялъул хIалтIухъабазда, цIалдохъабазда ва киналго районцоязда тIаде щвараб цIияб цIалул сон.**

Жакъа школал ккола инсан куцаялъул къебелъилъун, гIолеб гIелалъе лъайги, гIакълуги, тарбияги кьолеб рукълъун, нилъер культураги мацIги цIунулеб гъаситолъун. ГIагараб Россия, республика ва район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялда хурхун, цере чIарал чIахIиял ва бергьун кIудиял масъалаби гIумруялде рахъинаризе ккани хIажалъула лъайги тIадегIанаб махщелги бугел специалистал. Гьединлъидал гIолеб гIел куцаялъулъ лъайкьеялъ кколеб бакI цIикIкIараб буго.

РакIчIараб буго тIаде щолеб бугеб цIияб цIалул сон нужер щивасе букIинин лъикIал ишаздалъун, цIи-цIиял гьунараздалъун ва лъайкьеялъул рахъалъ роххалил хабараздалъун гьарзаяб ва бечедаб. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, талихI, гьабулеб ишалъулъ икъбал, цIалъулъги хIалтIулъги чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Хириял мугIалимзаби

**Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан баркула нужеда тIаде щолеб бугеб Лъаялъул къо – 1 сентябрь. Гьаб захIматаб заманалда, нилъер лъималазда, жамгIияталда ва пачалихъалда цере нилъ жавабияллъун кколел масъалаби тIураялъулъ гьарула нужее лъикIал хIасилал ва бергьенлъаби.**

Биччанте мугIалимазул сабруялъ, профессионалияб махщелалъ, хIалимлъиялъ ва лъикIалда ракIчIеялъ кидаго тIалъи босизе.

РакIчIараб буго, цIияб цIалул сон нужер щивас лъикIалде божилъигун байбихьизе букIиналда. Нужер щивасе тавпикъ кьеги мугIалимасул къадруяб цIар борхатго цIунизе.

Сахлъи ва талихI нужее ва нужер хъизаназе!

**Муса КъурамухIамадов, Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев**

БАЙРАМ

## МустахIикъав вугищ дун дур цIаралъе, ЦIадулъ парпадулел дур байрахъазе...

### Россиялъул байрахъалъул къоялъул хIурматалда гургинаб стол

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централда, Россиялъул байрахъалъул къоялъул хIурматалда тIобитIана гургинаб стол.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал **Малик Маликов, АхIмад Сулайманов**, гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул рахъалъ ишазул управляющиясул заместитель **ГIабдурахIман Дайтмирзаев,** маданияб централъул ва районалъул библиотекаялъул хIалтIухъаби.

22 августалда Россиялъул байрахъалъул къоялъул хIурматалда дандерусси-



нал улкаялда тIоритIулел рукIиналъул, ва пачалихъияб байрахъалъул хIакъалъулъ баяналги рицунаго, гургинаб столалъул данделъи рагьана районалъул библиотекаялъул нухмалъулей **Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ**. «Россиялъул триколор» абураб темаялда гара-чIвари гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас. Гьеб тадбиралда кIалъазе рахъана ва Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрахъалъул къо баркана АхIмад Сулаймановас ва ГIабдурахIман Дайтмирзаевас.

**«Гумбет» РИО**

СОВЕТАЗДЕ ЩАЛ РИЩИЛЕЛ

## НурмухIамад ГIалиевас бараб больница

### Сахал чагIи сах таги

**Лъалеб букIахъе, исана 18 сентябралда Россиялда тIоритIулел руго рищиял. Цогояб рищиязул къолъун кколеб 18 сентябралда халкъалъ цIар чIвазе буго жидер вакилзабазда. Дагъистаналда тIоритIулел руго Россиялъул Пачалихъияб Думаялде ва Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде депутатазул рищиял.**

Депутатлъиялде кандидатазул агитация байбихьун буго. Нилъер Гумбет районалдасан Халкъияб Собраниялде кандидатура лъун буго къогоялдаса цIикIкIун соназ Дагъистаналъ-



ул энергетикаялъул жавабиял хъулухъазда хIалтIарав, «Сулахъэнерго» ОАО гIуцIарав ва гIемерал соназ гьелъие нухмалъи гьабурав, Дагъистаналъул ХIукуматалъул вице-премьерлъунги хIалтIарав, машгьурав пачалихъияв хIаракатчи, политик, сахаватчи НурмухIамад ГIалиевас.

Дагъистаналъул гIемерал районазе ва шагьаразе щвана НурмухIамад ГIалиевасул сахаватлъиялъул баракат. Гьаб сураталда нужеда бихьулеб буго бакълъулазул ЦIияб Аргъвани росулъ НурмухIамад ГIалиевасул къайимлъиялдалъун бараб кIитIалаяб участкаялъулаб больница. Гьеб азарханаялда сахгьаруралщинал гIадамаз дугIа-алхIам гьабулеб ва баркала кьолеб буго НурмухIамад ГIалиевасе. Гьесулгун гара-чIвари цIализе бегьула «Гумбет» басмаялъул иргадулаб номералда.

**НурмухIамад ГIалиевасул рищиязда цебесеб штаб**

НОМЕРАЛДА РУГО:



18 сентябрь – рищиязул къо

-2 гьум.



ТIоцебесеб бакI - Гумбет, кIиабилеб – Гъаякент, лъабабилеб - Тарумовск

-2 гьум.





КIалдиб речIчIараб гулла, чIамун, къватIибе тулел

-2 -3 гьурм.



43 лъимералъ «Бакъ» ясли-ахалъулгун къо-лъикI гьабуна

-3 гьум.

СОВЕТАЗДЕ ЩАЛ РИЩИЗЕ ККОЛЕЛ?

# 18 сентябрь – рищиязул къо

### Дагъистан Республикаялъул Югалъул цо мандаталъулаб № 12 рищиязул округалдасан Россиялъул Федерациялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде депутатлъиялде кандидат Маграмов ГIабдулмажид Варисович

**ГIабдулмажид Маграмов гьавуна 1956 соналъул 11 ноябралда Дагъистан Республикаялъул Кули районалъул Цовкра – 2 росулъ. 1975 соналъ лъугIизабуна гьебго росдал гьоркьохъеб школа. ТIокIлъигун лъугIизабуна 1981 соналъ Москваялъул гидромелиоративияб институт ва щвана инженер – гидротехникасул махщел.**



1981 – 1985 соназда хIалтIана «Главдагестанводстрой» гIуцIиялда, 1985 -1992 соназда – Москваялъул гидромелиоративияб институталда гIелмияв хIалтIухъанлъун. 1992 соналдаса жакъа къоялде щвезегIан гьес нухмалъи гьабулеб буго «Фирма – Альтаир» ОООялъе.

Маграмовас кIудияб бутIа лъолеб буго Дагъистан цебетIеялъул приоритетниял проектал тIуразариялъулъ. Жиндирго ВатIаналда – Кули районалда гьес бана боцIухъанлъиялъул комплекс «Агрофирма Цовкра – 2». Гьениб хьихьизе рес буго 700 хIайван. ГIезабула гьанги рахьдал нигIматалги. Гьел ричиялъулъ захIмалъаби дандчIвалел гьечIо. МахIачхъалаялдаса гIадамал рачIун руго нигIматал росизе. Цовкра – 2 росулъа гIадамал фермаялда хIалтIизе рачIинчIони, къватIиса рачIаразе бан буго, шагьаралда рукIунел гIадал шартIалги гIуцIун, кIитIалаяб гостиница.

ГIемер батIи-батIиял рахьазулаб бизнес буго ГIабдулмажидил. Гьоркьохъеб Азиялдаса квас-квасги босун, хIадурула медицинаялда хIажалъи цIикIкIараб марля, квасквас ва цогидабги.

1997 соналъ гьабуна тIоцебе теплица Тимирязевскиялъул академиялда, хадуб – Тюменалда, Астраханалда, Липецкиялда, Подмосковьялда, Осетиялда, Краснодар, Ставрополь краязда, Карачаево – Черкесиялда. Теплицабазда гIезарулел овощаздалъун хьезарулел руго шагьаразул гIадамал. Гьединалго теплицаби гьаризе хIисабалде босун буго Красноармейскалда ва ЦIияблак районалда. ГIаммаб къагIидаялда теплицабаз ккезе буго 15 гектар ракьалъул, тIаде рарал кумекалъул бакIалги малъун – 25-30 гектар. Красноармейскалъул, ЦIияблакалъул, Къоркъмасхъалаялъул гIадамазе хIалтIизе бакIал рукIине руго теплицаби рагьиялъ.

МахIачхъалаялда халкъазда гьоркьосеб аэропорталда жиндирго харжаздалъун бана Совет Союзалъул кIицIулго бахIарчи летчик – испытатель Амет – Хан Султание памятник. Меценат ГIабдулмажидица гьединабго памятник лъуна Ярославль шагьаралъул Авиаторазул цIаралда бугеб проспекталдаги.

Маграмовас гьабуна ва гьабизе хIисабалде босун буго гIемераб пайдаяб хIалтIи. ВатIаналда цебе гьабураб ракIбацIцIадаб хъулухъалъе, мисалияб хIаракатчилъиялъе гIоло гьесие щвана гIемерал шапакъатал. Гьев ккола Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав бакIал ралев чи. Къуна «Москваялъ – 850 сон» медаль, «Россиялъул ФСБялъул 90 сон» юбилеялъулаб гIаламат, «ГIорхъабазул аскараз – 90 сон» юбилеялъулаб медаль, «Ярославль шагьаралъ 1000 сон тIубазиялде хIадурлъиялъе гIоло» юбилеялъулаб гIаламат, ХIурматалъул грамотаби ва цогидалги шапакъатал.

«Цогояб Россия» партиялъ Россиялъул Федерациялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде депутатлъиялде кандидатлъун ДРялъул Югалъул цо мандаталъулаб № 12 рищиязул округалдасан вихьизавун вуго ГIабдулмажид Маграмов.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# ТIоцебесеб бакI - Гумбет, кIиабилеб – Гъаякент, лъабабилеб - Тарумовск

### Гумбет районалда тIобитIана эркенаб гугариялъул республикаялъулаб турнир

**20-21 августалда Гумбет районалъул Ингишо росулъ тIобитIана 2001 ва хадусел сонazда гьурурал гIолилазда гьоркьор насихIатчи ва тренер Жаватханов Жаватхан Зулумханович ракIалде щвеялъул эркенаб гугариялъул турнир. Гьеб тадбир тIобитIиялъул мурад букIана** сахлъи щулалъиялъе, хадубккунги махщел бугел спортсменазул къадар цIикIкIине квербакъула гьадинал тадбираз», - ян абуна ГIабдулкъадировас.

Гугаризе ургуялде вахъана республикаялъул районазул ва шагьаразул 11 командаялъул 100 гIанасев речIчIухъан.



**гIолеб гIелалъе лъикIаб тарбия кьей, гIолилазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи, гьел квешабщиналдаса рикIкIад чIезари.**

Баркиялъулаб кIалъай гьабуна Ингишо росдал бетIер **Камалудин Булатовас.** Гьес бицана **Жаватхан Жаватхановасул** гIумрудул нухалъул ва хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ, эркенаб гугари районалда, республикаялда цебетIезабиялъулъ гьес лъураб бутIаялъул.

Турнир рагьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.**

«Районалда гIемер тIоритIула спартакиадаби, районалъул машгьурал гIадамазул хIурматалда спортивиял къецал. Бокьун буго жакъасеб тадбиралъул гIахьалчагIазда ракI-ракIалъ баркизе, бакълъулазул ракьалда турнир тIобитIулеб букIиналдаса разилъи загьир гьабизе. Лъималазул, гIолилазул

Турниралъул хIасилал гьарун, тIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIа бугеб лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъ. Гьеб школалъул 4 речIчIухъанас тIоцебесеб бакI ккуна: 28 кг. цIайиялда **Шамил ГIабдурахIмановас,** 38 кг. – **Набигула Астимировас,** 46 кг. – **Билал Гьиматовас,** 63 кг. – **МухIамад Астимировас.**

50 килограммалде бахинчIеб цIайиялда чемпионлъун вахъана Хасавюрталда ругьунлъизе хьвадулев ТIад Инхоса **МикагIил ГIабдулатIипов.**

Турниралда кIиабилеб бакI Гъаякент районалдаса, лъабабилеб бакI Тарумовск районалдаса командабаз ккуна.

Бергьаразе Гумбет районалъул администрациялъ ва спонсораз къуна дипломал, медалал, кубокал.

**«Гумбет» РИО**

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# КIалдиб речIчIараб гулла, чIамун, къватIибе тулел

### ГIабдулрашид СагIадулаев – Олимпиадаялъул меседил медаль щварав анцIила цоабилев магIарулав

**Араб анкьалда лъугIана Бразилиялъул Рио-де-Жанейро шагьаралда тIоритIарал XXXI роолал Олимпиялъул хIаял. Гьел хIаязде кIвар буссун букIана дуниялалъулго. 86 килограммалда Олимпиадаялда магIарулас бергьенлъи босун букIинчIо, 1996 соналда СШАялъул Атлантаялда бакълъулазул Ингишоса ХIажимурад МухIамадовасе чIел щваралдаса ( цIайиялъул макъамал хисун, 82-ялдаса 86-ялда бахъун буго гьеб категория). Гьале 2016 соналъул 20 августалда Рио-де-Жанейро шагьаралда 86 кг. цIайиялда Олимпиялъул чемпионлъун вахъана «танк» абун жиндие цIар щварав ЧIарада мухъалъул Гьилиб росулъа ГIабдулрашид СагIадулаев.**

ГIабдулрашид СагIадулаев жеги къей лъаларев, 20 соналъул ригьалда дунялалъул кIицIул чемпионлъун ва Олимпиадаялъул чемпионлъун вахъарав цого цо спортсмен кколевлъи эркенаб гугариялда хадуб хьаравулльи кколел гIадамазда лъала. Цоги нухалъ ГIабдулрашид СагIадулаевасда, гьесул гIагабожаразда, тренеразда, киналго магIарулазда ва тIолабго улкаялдаги баркулаго, бокьун буго гьесул ва «мазгар» щварав жегиункъо магIаруласул бергьенлъабазда сверухъ загьирлъарал цо-цо политикиял шура-хъуриязул бицен гьабизе.

ГIабдулрашид СагIадулаевасул гьунаралъул ва бергьенлъабазул хIакъалъулъ «Фейсбукалда» ва цогидал жамгIиял сурсатазда дица хьвазе лъугьиндал, гьалгъаязул (ингушазул) ва чачаназул цо-цо блогераз гьел цIиял харбазда гьоркь хъулухъ гьечIел жал хьвазе байбихьана.

Гьезул цояс, жахIдаялъул кутакалъ, жиндирго блогалда «баркала кьолеб» бугоан, СагIадулаевасул ццин бахъине ва, гьалатIал гьарун, гьев къезавизе кIоларищан бихьизе, эркенаб гугариялъул рахьалъ дунялалъул чемпионаталда Кубаялъул спортсмен Салас Рейнерисица нилъер «танкалда» ботIролъ хъат къабуралъухъ. Гьев кубаялъулав, анцIго баллги гьоркьоб лъун, квешго къезавуна гьенив СагIадулаевас. Нилъер спортсмен вагъизе лъугьун вукIаравани, къецаздаса нахъе гьавизе вукIана. Сабру хIажатаб бакI гIемер букIуна. СагIадулаевас ургуялда бихьизабуна Рейнерисида жиндир бакI.Ингушазул блогеразул хьвай-хьвагIай цIалидал, халлъана: магIарулазде ( дагъистаниязде) «сули» абун хьвадарулел ругоан гьел. МагIарулал хIачIого абулеб жо буго гьез гьеб «сули» абураб рагIи. МагIарулазул даражаялде жал рахунареблъи лъаялъ, илбисалъ течIого, гьарулел хIаял ккола гьел.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

# КIалдиб речIчIараб гулла, чIамун, къватIибе тулел

**(Байбихьи - кIиабилеб гьум.)**

Вайнахазул бичIчIи бугел вакилзабаз кидаго абула жидее цебетIей Дагъистаналдасан бачIараб бугилан. Масала, Чачанлъиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев Канта Ибрагьимовас абуна, жидее бакъ даим Дагъистаналдасан баккулилан, цебетIейги гьанисан щванилан.

Гьанже Чачанлъиялъул бетIер Рамзан Къадировасул зурмихъе кьурдулев вугев ва политика хIалев гугарухъан Бувайсар Сайтиевги вуго Хасавюрталъул речIчIухъанлъиялъул школалъ гIезаврав чи. МахIач МуртазагIалиев абурав магIарулав гьесие къезе чIун вукIинчIевани, Пекиналъул Олимпиадаялдеги Сайтиев ворчIулароан. Бразилиялда тIобитIараб Олимпиадаялъул хIасилал гьарулаго, магIарулазде бугеб рокьукълъи бахчизе кIвечIо Бувайсар Сайтиевасда. ГIабдулрашид СагIадулаев, живгун цадахъ чIараб сурат бахъизе къваригIун, векерахъдулев вукIанилан, гIахьучIал рицине лъугьана Россиялъул каналаздасан Сайтиев.

Гьединаб куцалда «чачаназул гугарухъаби» рещцулев Бувайсар Сайтиев вукIаго, Олимпиада къалеб хадусеб къоялъ, исана 21 августалда, Россиялъе гIоло цеве вахъарав чачанав Анзор Болкутаев къуна. Церек-кун къун рукIана греказулгун румазул гугариялъул спортсмен Ислам-бек Альбиевги ( ЦIоралъул магIарулав Расул




Чунаевасдаса) боксер Адлан ГIабдурашидовги. Бразилиялда тIоритIарал Олимпиялъул хIаязул хIасилал гьарурабго, бихьула цониги чачанав гьел къецазда бергьинчIолъи.

БатIияб пачалихъалъул, Турциялъул, цIаралда Россиялда данде гугарулев вукIаниги, ингушав Залимхан (Калой) Картоевасул (Турциялъул тIалабазда рекъон, гьезул гражданинлъун вахъине ккани, цIар хисизабун буго гьесда – Селим Яшар) рахъккун кIалъана Ингушетиялъул бетIер Юнус-бек Евкуров ( гьеб хIужа какулеб гьечIо, цогидазе жидерго миллатцоязул бугеб хиралъи бихьизе, хъвалеб буго гьаниб). Рио-де-Жанейро шагьаралда ГIабдулрашид СагIадулаевас финалалда цIидасанги къезавуна Залимхан Картоев ( 5-0).

2016 соналъул 25 августалда гьев Залимхан Картоев тIаде къабул гьавуна Юнус-бек Евкуровас ва спортсменасе ва гьесул тренер Адам Барахоевасе ( Берекет) «Тойота Камри» машинабиги Ингушетиялъул тахшагьар Магасалда квартирабиги кьуна. Таджикистаналъе гIоло цеве вахъун, Пекиналъул Олимпиадаялда гIарцулав призерлъун вахъарав Болъихъ мухъалъул АнсалтIаса Юсуп ГIабдулсаламовасе Дагъисталда гьединаб дандчIвайги хIурматги гьабичIо. Ингушазул блогераз хъвалеб буго, тарихалда жаниб ункъо ингушасе щванин Олимпиялъул меседил медалалилан.

РачIаха магIарулазул бачIинги ракIалде щвезабилин: 1. МустIапа Дагъистанли (эркенаб гугари, Мельбурн -1956, Рим-1960; гьев ккола Гъуниб мухъалъул Гьонода росулъа Турциялде гочарал мугьажирзабазул ирсилав); 2. Загъалав ГIабдулабеков (эркенаб гугари, Мюнхен, 1972 сон); 3. ХIажимурад МухIамадов (эркенаб гугари, Атланта, 1996 сон); 4.Мурад ГIумаханов (эркенаб гугари, Сидней, 2000 с.) ; 5. Сайгид МуртазагIалиев (эркенаб гугари, Сидней, 2000 с.); 6. Мавлет Батиров (эркенаб гугари, Афины-2004, Пекин-2008); 7. ХIайдарбег ХIайдарбегов (бокс, Афины-2004); 8.Шарип Шарипов (эркенаб гугари, Лондон-2012). 9. ТIагьир ХIайбулаев ( дзюдо, Лондон-2012); 10. Мансур ГIисаев (дзюдо, Лондон-2012) 11. ГIабдулрашид СагIадулаев (эркенаб гугари, Рио-де-Жанейро-2016).

ГIарцул ва мазгарул медалал щварал магIарулалги гIемер руго. Исанасеб Олимпиадаялда цохIо ЧIарада районалдаса лъабго спортсменас росана Олимпиадаялъул мазгарул медалал: Шарип Шарипов (ЧIарада мухъалъул Гьунухъ росулъа, Азербажаналъул тIаса бищараб команда), Ибрагьим СагIидов (ЧIарада мухъалъул Могъроб росулъа, Белоруссиялъул тIаса бищараб команда), МухIамад Ибрагьимов ( ЧIарада мухъалъул ГIириб росулъа, Узбекистаналъул тIаса бищараб команда).

Исана Олимпиадаялда магIарулаз цо меседил ва ункъо мазгарул медалал росун руго (Азербажаналъул байрахъалда гъоркь гугарарав ЦIоралъул магIарулав Расул Чунаевги (классикияб гугари) гъорлъе вачун). Гьеб хIасил буго жидерго пачалихъал ругел чанги халкъазе насиблъичIеб бергьенлъи.

Исана Россиялъул чемпионаталда ккараб гIала-гъважа ва Виктор Лебедевасда сверухъ багъарараб «алмазазул сихIру» гуребани, Олимпиадаялда бергьарал магIарулазул къадар жеги цIикIкIине рес букIана.

МагIарул халкъалъул хасият-гIамал бихьизабулел асаразда хъван буго «кIалдиб речIчIараб гулла, чIамун, къватIибе тулел» гIадамал ругин магIарулалилан. Гьединаб тIадегIанаб яхIалъул ва рухIалъул миллаталъул мацIги, цIарги, цIаги цIунизе тавпикъ кьеги нилъее. Исана Бразилиялда магIарулаз гьединаб, нилъер халкъалъе мустахIикъаб, хасият бихьизабуна. Баркула цоги нухалъ! Хадур гIемерлъаги! Баракат лъеги!

**ГIизудинил ХIамзат**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## 43 лъимералъ «Бакъ» ясли-ахалъулгун къо-лъикI гьабуна

**Кидаго гIадин, исанаги унго-унгояб байрамалде свераpаб дандельи букIана 22 августалда Гумбет районалъул МелъелтIа бугеб «Бакъ» ясли-ахалда. Исана гьениса школалде ине буго чIахIиязул группаялъул 12, хIадурлъиялъул группаялъул 30 лъимер.**

Дандельи тIобитIана берцинго къачIараб залалда. Жидерго лъималазул махщел – гьунаралъухъ балагьизе рачIун рукIана умумулги. Тадбир рагьана ва бачана тарбиячIужу **ГIайшат МухIамадовалъ,** хIадурлъиялъул группаялъул тадбир – тарбиячагIи **ГIайшат Амагаевалъ** ва Хадижат Идрисовалъ. Кодор тIугьдулгун, шаралгун рачIана школалде унел гьитIичал залалде.

ЛъикIаб хIадурлъигун, умумузда цере рахъана гьитIичал. ЛъикI куцан руго-ан гьел тарбиячагIаз. Гьез рикIкIана ва ахIана ясли-ахалде, тарбиячагIазде гьарурал кучIдул, гьаруна батIи-батIияй кьурдаби, расандаби. Расандабазда гьоркьоб бищунго лъикIаблъун бихьана «Лъица хехго школалде портфель хIадурулеб» абураб. Гьезда байрам баркизе рачIана гьоркьохъеб группаялъул лъимал.



Гьез школалде унезе сайгъат гьабун рикIкIана кучIдул.

ЧIахIиязул группаялъул лъималазул умумузул рахъалдасан лъималазе тарбия-лъай кьуразе ясли-ахалъул коллективалъе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабун кIалъана **Къурмагьиз Халидова, Асият АхIмаднабиева, ПатIимат Салатгереева, Сидрат Зугьайрова.** ХIадурлъиялъул группаялъул умумузул рахъалдасан кIалъазе рахъана **ПатIимат Амагаева, ПатIимат ГIабдусаламова, Шумайсат ГIабдурахIманова, ГIайшат ГIадусова, ХIузаймат ХIамзатова, Хадижат Къурбанова, Сакинат Лабазанова** ва цогидалги.

ХIадурлъиялъул группаялъул тIоцее йикIарай тарбиячIужу, гьанже мустахIикъаб хIухьба-хъиялда йигей, **Хазират ГIумарова** ячIана гьитIичазулгун къо-лъикI гьабизе ва гьезие нух битIиялъулал рагIаби абуна.

КIалъазе яхъарай «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ школалде унел лъималазе кьуна ясли-ах лъугIиналъул дипломал ва сайгъатал. Гьарана гьезие талихI, битIккей. Гьединго гIолеб гIелалъе тарбия-лъай кьуралъухъ «Бакъ» ахалъул рахъалдасан грамотаби кьуна тарбиячагIи ГIайшат МухIамадовалъе, ГIайшат Амагаевалъе, Хадижат Идрисовалъе, **ГIайшат Абакаровалъе,** гьитIинал тарбиячагIи **Пайнусат УхIумаевалъе, Жугьарат Сааласкаровалъе, Умукусум Зугьайровалъе.**

Нух битIаги нужее лъимал.

**ГIайшат Исламбиева**

ХАЛКЪАЛЪУЛ БЕР ГIОРЦIАРАБ ГIАЖАИБАБ ДАГЪИСТАН

## 12 885 тонна харил гIархъилъ лъуна

**Гумбет районалъул СПКязул нухмалъулез хIаракат бахъулеб буго гIаммаб гIи-боцIуе хасалоялде гIунги тIокIаб рагIи-хер хIадуризе.**

Районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалда 26 августалде ругел баяназда рекъон хIадурун буго кинабниги 12885 тонна харил, гьелдасан гIадамал бетIергьанаб 6483 тонна. «Мехельтинский» СПКялъ хIадурун буго 2078 тонна харил. «Щабдухский» СПКялъ 700 тонна. Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ 980, «Цундинский» СПКялъ 650, «Цилитлинский» СПКялъ 510, «Тляратинский» СПКялъ 390, «Ингишинский» СПКялъ 380, «Гьудуллъи» СПКялъ 250 тонна.

ГьабсагIатги хъутабазда рагIи-хер хIадури гьоркьоб къотIун гьечIо.

### 175 гектар бегана

Гумбет районалъул росдал магIишатазул кооперативазул хъутабазда тIадбан унеб буго тIасияб соналде хасалил культураби рекьизе ракь бегиялъул хIалтIи. Гьанжеялде бегун буго 175 гектар. Гьелдасан 65 гектар «Цилитлинский», 50 гектар «Тляратинский», 30 гектар Шамилил цIаралда бугеб ва анцI-анцI гектар «Щабдухский», «Гьудуллъи» СПКяз.

Механизатораз хIаракат бахъулеб буго ракь бегиялъул хIалтIи къокъаб болжалалда рагIалде бахъинабизе.

**ГIайшат Исламбиева**

Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна,
Цо тIамураб кициялъ канал берал рагьула.
Инхоса ГIали-хIажи



ЧТО МОЖЕТ СОБСТВЕННЫХ ПЛАТОНОВ И БЫСТРЫХ РАЗУМОМ НЕВТОНОВ ГУМБЕТОВСКАЯ ЗЕМЛЯ РОЖДАТЬ

# Игры для юных математиков

**Гении были везде и во все времена. Одни считают, что они являются в мир сами собой, а другие – что их нужно долго и терпеливо растить подобно цветам. Сейчас лето, но в одном из классов школы-интерната для одаренных детей селения Мехельта Гумбетовского района идут занятия. Свои двери для ребят со всей республики здесь открыла летняя математическая школа Дагестана.**

Дети в классе как на подбор – необычные, а необычность их заключается в том, что они приучены к терпению, не боятся трудностей и очень любят математику. За одним большим круглым столом сидят обыкновенные девочки и мальчики, а рядом у доски – преподаватель математики Игорь Федоренко. На нем шорты и зеленая футболка, на добром лице – очки. Летняя математическая школа в Дагестане функционирует уже второй год. Идея ее открытия принадлежит Центру дополнительного образования школьников «Надежда» в Махачкале. В прошлом месяце такие занятия прошли в селении Агвали Цумадинского района.

Многие из школьников, которые были там, попросились сюда на второй поток. Школа двухнедельная, занятия проходят в четырех группах по 4 часа в день. Математический лагерь по сути. Кроме занятий, дети играют в волейбол, теннис, шахматы. В июле-августе стоит хорошая погода. Свежий воздух и тишина. Приютил ребят и преподавателей директор школы-интерната для одаренных детей селения Мехельта Лабазан Гаджиев. В летней школе с ребятами (а здесь 33 подростка) занимаются 7 преподавателей, двое из них приглашенные – вышеупомянутый Игорь Федоренко из Краснодара и Леонид Попов из Москвы.

Игорь Федоренко – директор Краснодарского математического центра «Бернулли». Там работают кружки по математике и программированию уже четверть века. Ребята приходят в 4-5-е классы, и, как правило, больше половины остается до 11 класса, а потом поступают в основном в московские вузы. В прошлом году из 16 окончивших кружок в «Бернулли» 14 поступили в МГУ, Высшую школу экономики и МФТИ, один – в университет города Мангейма (Германия), еще один продолжил учиться на Кубани. ЦДОШ «Надежда» дружит с центром «Бернулли» со дня своего основания (2007 г.). Центр этот негосударственный, родители платят за обучение детей символическую сумму. Основную финансовую поддержку «Надежде» оказывает благотворительный фонд «Пери» Зиявудина Магомедова.

- Многих детей я здесь знаю уже несколько лет – Рамазана, Айшат, Исмаила, Рустама, – говорит Игорь Владимирович. – Конечно, успехи дагестанского центра пока не сравнить с краснодарским. Но ведь цель не только в том, чтобы побеждать на олимпиадах и поступать в престижные вузы, а в том, чтобы вырастить интеллектуально подкованных ребят. Мы так и говорим им: нам безразличны ваши успехи на олимпиадах, гораздо важнее, что бы вы восприняли культуру изучения математики, что занимаетесь серьезным делом. - Это сборная Дагестана по математике, – шутят преподаватели. Здесь действительно собрались дети из всех городов и нескольких районов республики. Кого-то заметили на олимпиадах и пригласили. Но в основном их специально не отбирают. Отдавать или не отдавать в центр – решают родители. - Это принцип, – объясняет Игорь Владимирович. – В 5-6-х классах все дети математически талантливы, это мое убеждение. Очень важно, в чьи руки ребенок попадет. У нас нет ни вступительных мероприятий, ни тестов на одаренность, ни контрольных, ни выпускных экзаменов.

Главная наша цель – добиться, чтобы ребенок хотел изучать математику. На первом занятии я сразу сказал: «Милые дети! Ни в коем случае не надо заниматься математикой, никогда в жизни, дело трудное, скучное, неинтересное». Реакция – та же, что и у вас, они не верят. Ну и слава Богу! Тогда они осознанно выбирают, а мы им честно сказали, что будет трудно. Ребенок думает: зачем мне эти трудности? Пойду заниматься танцами, литературой, историей, где добьюсь больших успехов. На самом деле, чему бы он себя ни посвятил, уровень достижений будет примерно одинаковый. Здесь много личностных аспектов, и мы воспитываем в детях желание заниматься, терпение, умение преодолевать трудности. Вот сегодня они получили первое домашнее задание. Выполнить его нужно до завтрашнего утра, придется пожертвовать волейболом, тихим часом, сесть и порешать задачки. Мы ставим ребят в положение, когда тот, кто не занимается самостоятельно, проигрывает остальным. И тут наступает момент выбора – не отстать от других или махнуть рукой. Проблема выбора очень сильно формирует характер ребенка. После занятий ребята играют во дворе: кто в настольный теннис, кто в нестандартные шашки, где вместо кружочков окрашенные в черный и белый цвет камни. А вечером после тихого часа в одном из классов преподаватель Леонид Попов будет ждать тех, кто захочет прийти порешать задачки, и уверен, что такие найдутся. Утром следующего дня вместе с Игорем Федоренко дети будут разбирать задачи международной олимпиады. ЦДОШ «Надежда» и в течение учебного года проводит занятия по математике с детьми по особой программе. Она не опирается на то, что министерство когда-то отобрало для школы. «В школьной программе есть ряд противоречий. Наша же разработана с точки зрения математического профессионального сообщества. Мы не скованы рамками в отличие от школьного учителя», – говорят преподаватели. С математическим образованием в республике ситуация трудная, считает директор «Надежды» Аскер Аскеров: – В 90-х годах вузы выпускали кого попало. В результате сейчас в школах в основном работает взрослое поколение учителей, молодых преподавателей почти нет. В сложившейся ситуации остается одно: искать среди детей математических «звездочек», чем центр и занимается. В образовательном пространстве республики мы по сути не присутствуем, хотя для развития математических знаний у детей делаем немало.

Среди призеров республиканских олимпиад по математике практически все наши воспитанники. В общероссийских олимпиадах результаты пока невысокие, тем не менее двое ребят стали призерами Московской математической олимпиады – Хаджимурад из Махачкалы (второй диплом), Замир из Дербента (третий диплом). А ведь она считается даже сложнее Всероссийской. И это первый случай за историю Московской олимпиады, когда в ней участвовали ребята из Дагестана. Раньше выход наших школьников в финал России по математике был суперсобытием. Теперь это обыденное явление. Математики любят счет. И они с математической точностью видят свою цель – в ближайшем будущем иметь хотя бы двух-трех призеров Всероссийской олимпиады из Дагестана. В учебном классе на парте нахожу листок с задачкой, которую решали школьники.

«Голодные Малыш и Карлсон съели торт и стали сытыми. Известно, что голодный Карлсон легче сытого Малыша, а сытый Карлсон весит столько же, сколько два голодных Малыша. Что весит больше – торт или голодный Малыш?». Я долго ломал голову над ее решением. А вы сможете найти правильный ответ?

**Дамир Саидгазин**

**Источник: http://www.dagpravda.ru/rubriki/obshchestvo/27458335/ © Дагестанская правда**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Итоги земельных торгов

**Администрация сельского поселения «Сельсовет «Игалинский» сообщает, что по итогам земельных торгов от 12.08.2016 г. победителем по аукциону признан:**

**на права аренды земельного участка земли сельскохозяйственного назначения с кадастровым номером № 05:25:00 00 35:741, расположенного по адресу: РД, Гумбетовский район, с. Игали, площадью 10000.00 кв.м., с видом разрешенного использования – для сельскохозяйственного назначения на 7 лет – КФХ в лице руководителя Шапиева Гитина Магомедовича ИНН 050900883022.**

**Комиссия по земельным торгам**

УНТАРАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Дун гIадин, Аллагьги разилъаги

**Дун лъикIго унтун кkана Гумбет райбольницаялъул инфекционнияб отделениялде. ЗахIматго унтарай дун гьений сахлъизаюна. Гьеб отделениялда ратана унтаразе тIадчIараб хъулухъ гьабизе хIадурал тохтурзаби, медсестраби. Больницаялда ругоан хIажатал дараби, богогьабаз гьабулеб бугоан тIагIамаб квен, санитаркабаз чIезабун бугоан лъикIаб рацIцIалъи.**

Дие гьабураб ракIбацIцIадаб хъулухъалъухъ, районалъул «Гумбет» газета гьоркьобккун ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула тохтурзаби **Рузмай Дарбищовалъе, ГIабдухаликъ ГIалиевасе,** медсестраби **Зугьра Сайпулаевалъе, Чакар Забидовалъе, Мадина ГIалиевалъе,** гьеб отделениялъул киналго санитаркабазе, богогьабазе. Гьарула гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва хIалтIулъ бергьенлъаби. ДунгIан Аллагьги разилъаги гьездаса.

**Багьжат Мурадова,**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.